# ROMEO HÁM JULIETTA QARAQALPAQSTANDA

**J.Xojanov** - *docent*
**M.Xojanova** - *úlken oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** teatr, aktyor, rejissyor, spektakl, sahna, dekoratsiya, obraz, dramaturgiya, xudojnik, tragediya, komediya, repertuar.

**Ключевые слова:** театр, актёр, режиссёр, спектакль, сцена, декорация, образ, драматургия, художник, трагедия, комедия, репертуар.

**Key words:** theater, actor, director, performance, decor, image, dramaturgy, tragedy, comedy, repertoire.

Teatr ónerinıń dúnya kóleminde rawajlanıwına sebepshi bolǵan, óziniń biytákirar, klassikalıq shıǵarmaları menen tarıyx betlerinde óshpes iz qaldırıp ketken talantlı dramaturg Wilyam Shekspirdiń dramaturgiya janrındaǵı shıǵarmaları kirip barmaǵan mámleket, spektakllerin tamashalamaǵan zamanlas bolmasa kerek. Sebebi, dramaturg óz fantaziyası arqalı dóregen komediya, tragediya hám dramaları arqalı teatr kórkem ónerinde úlken úlgi mektebin jaratıp ketti.

Shekspirdiń tragediyaları arasında eń lirikalıq sezimlerge bay, shın ashıqlardıń muhabbatın súwretlewshi klassika bul «Romeo hám Julietta» spektakli tungısh ret qaraqalpaq teatrı saxnasında qoyıldı. Bul premyera biziń teatrımızdıń klasikalıq shıǵarmanı saxnalastırıw arqalı teatr xızmetkerleriniń qanshelli dárejede talantlı ekenligin dálilley aldı.

Qaraqalpaqstan xalıq shayırı U.Pirjanov awdarması tiykarında «Romeo hám Julietta» piyesasın qolına alıp, saxnaǵa spektakl dárejesine alıp shıqqan qaraqalpaq rejissurasında óz ornına iye zamanagóy temadaǵı bir qatar spektakllerdi jaratqan belgili aktyor hám rejissyor Amangeldi Qudaynazarov esaplanadı. Ol óz talǵamı hám rejissyorlıq uqıbınıń qanshelli dárejede bálent hám qábiletli ekenligin dálilley aldı desek asıra siltegen bolmaydı. Óytkeni, bul spektakl barlıq jası úlken hám jası kishi tamashagóylerdiń dıqqat-itibarın tarttı. Spektaklde rejissyordıń utımlı tárepi ol spektakl kirisiwinde hám sońında saxnalıq pishimlerden óz ornında paydalana alǵan hám ózgeshe bir burılıs penen shıǵarmanı juwmaqlaǵan. Sońǵı jıllarda sır emes biz kóbinese drama hám komediyalıq shıǵarmalardı kóriwge úyrenip qalǵan edik, al bul tragediyalıq shıǵarmanıń naǵız jas tamashagóyler ushın mólsherlenip, olardıń jas negizine qaray birinshi ret qoyılǵanı júdá jaqsı nátiyjege alıp keldi.

Spektakldiń kirisiwi Verona qalasında eki bay shańaraq Kapuletti hám Montekkilerdiń xızmetkerleriniń bir-biri menen urısıwlarınan baslanadı. Soń qala Meri kelip bul shańaraqtıń daw-jánjelin toqtatadı. Mer olardıń ázeliy dushpan ekenliklerin aytıp, qaladaǵı tınıshlıqtı buzıwshı shańaraqlar sıpatında kóredi. Saxnadaǵı, fondaǵı dekoraciyalar xudojnik tárepinen sol Oyanıw dáwirindegi Angliya, Veronanıń kelbetin dál kórsetedi. Kompozitor tárepinen tańlanǵan muzıkalar da óz ornında sheberlik penen qollanılǵan, yaǵnıy, lirikalıq sezimler oyanǵan máwrittegi bársheniń súyikli naması, usı shıǵarmanıń ekran, film kórinisinde berilgen muzıkası hám urıs, gúresiw saxnalarında paydalanılǵan tásirli muzıkalardı óz ornı hám waqtında bere alǵan. Álbette spektaklde muzıka ayrıqsha áhmiyetke iye, ol waqıyalılıqtı jáne de tásirsheń etiwde áhmiyetli faktor bola aladı.

Kirisiw bóliminen soń bázimde Romeo menen Juliettanıń tosattan kórisip qalıwı spektakldiń túyini sanaladı. Mine usınnan baslap eki jas biri-birine kewil qoyıp, olardıń arasında muhabbat sezimleri oyana baslaydı. Biraq bir qarsılıq tárepi - ekewi eki qas dushpan shańaraqlardıń perzentleri edi. Mine usı taqılette waqıyalar aǵımı rawajlanıp baradı. Aktyor, aktrisalar sol dáwirdegi qaharmanlardıń shın xarakterin hám qılıqların, is-háreketlerin mimikaların tereń ashıp bere alǵan, bul bolsa tamashagóylerde komik syujetlerde qızıǵıwshılıq, tragediyalıq syujetlerde qayǵırıw sezimlerin oyata aladı. Spektakldiń sońına shekem tamashagóy tabjılmastan, zerikpesten tamashalay alatuǵın shıǵarma, teatr saxnasında qoyıldı.

Túyinnen soń spektakldiń rawajlanıwında Juliettanıń baǵıwshı hayalı menen Romeonıń doslarınıń házil dálkekleri hámde sonıń menen qatar Tibalt hám Merkuciyonıń jánjelleri sebep waqıyalar aǵımı keskin tús ala baslaydı. Ruwxanıy ata menen neke waqtın kelisiwi,

Romeo menen Juliettanıń tún qoynındaǵı sáwbetleri arqalı syujetler bara bara kúsheyip, háwij ala baslaydı.

Kulminaciya – bul Romeonıń súyiklisi Juliettanıń aǵası Tibalttı óltiriwi esaplanadı. Sebebi, ashıw ústinde Tibalt onıń jorası Merkuciyonı óltirgen edi. Qaharmanlardıń ashıw ústinde islegen jawızlıqların dramaturg sonday sheberlik penen súwretlegen bunı spektakl arqalı saxnada aktyorlar kámine keltirip jetkere aldı.

Solay etip, bul keskinlik hám qarama-qarsılıq eki shańaraqtıń arasında jáne de alawızlıqtı júzege shıǵaradı jáne jánjel payda boladı. Bul arada Romeo qala meri tárepinen súrginge ushırap, súyiklisin kóriwi múshkil bolıp qaladı. Olar ekewi wádelesken neke kúni de ruwxanıy ata járdeminde kelisiledi. Biraq, olardıń táǵdiri ayanıshlı juwmaq tabadı. Dramaturg sol dáwirdiń eń bir ájel dárisi sanalǵan záhárden shıǵarmada ónimli paydalanǵan. Shıǵarmanı juwmaqlaw qarsańında avtor Juliettaǵa záhár ishkizedi. Onıń esin jıynawın biledi. Biraq bul sır Romeoǵa biytanıs bolıp, ol súyiklisinen máńgi ayrıldım dep oylap ózine qas etedi. Bul orında avtor talantı menen qaharman ushın jumbaq, al tamashagóy ushın ashıq aydın waqıyanı sáwlelendirip, jáne de tásirlilikti oyatadı. Záhárdiń tásiri qaytqannan soń Julietta ózine kelgende janında jansız jatırǵan Romeonı kórip pútkilley esinen ayrıladı hám ol da qanjar menen ózin óltiredi. Bul biybastaqlıq olardıń 14-15 jaslarında, muhabbat ǵumshaları gúl ashqan máwritte júz beredi. Avtor bul waqıtlardaǵı insan psixologiyasınıń qanday boatuǵının anıq súwretlep bere aldı. Shıǵarma juwmaǵında sheshim – qayǵı menen qonım tapqan, biraq usı qayǵıdan soń Kapuletti hám Montekki shańaraqları jarasadı. Biraq, olar eń biybaha baylıǵı bolǵan perzentlerinen ayrıladı. Shıǵarma mine usılay tragediyalıq sheshim menen tamamlanadı.

«Kúshli aktyordan kúshli rejissyor shıǵadı» degendey, rejissyor A.Qudaynazarov ilgeri talantlı aktyor bolǵanı ushın da bul piyesanı sonday sheberlik penen saxnaǵa alıp shıqtı. Aktyorlar ansamblin jaqsı tańlap, waqıyalar aǵımın izbe izlikte bere alǵan. Xudojnik islegen dekoraciyalar sol zaman hám dáwir ortalıǵın ashıp bere alǵan, sonday aq joqarıda aytıp ótkenimizdey kompozitor waqıyalardı súwretlewde áhmiyetli muzıkalardı óz ornında paydalana bilgen. Biziń klassikalıq shıǵarmaǵa bolǵan saǵınıshımız hám shólimizdi qandıra alǵan spektakl bola aldı desek asıra siltegen bolmaydı. Xarakter - dramada waqıyalardı rawajlandırıwshı tiykarǵı faktorlardan biri sanaladı. Bundaǵı unamlı ham unamsız xarakterlerdiń toqnasıwı arqalı konflikt hám háreket júzege kelgen, demek xarakter konflikt penen háreketti payda etiwshi baǵdar sıpatında keledi. Tragediyada ishki hám sırtqı háreketler hám konfliktler ashıq-aydın sáwlelenedi. Háreket dramanıń tiykarǵı ózegi sanaladı, háreket arqalı spektaklge tamashagóy dıqqatın qarata alamız. Oyın hám urıs saxnaları, sonday aq, dárini ishiwleri, qarama qarsılıqlar «Romeo hám Julietta» da óz kórinisin tapqan. Spektakldi saxnaǵa alıp shıǵıwda teatr jámaáti ózgeshe ózine tán stil hám metodlarǵa tiykarlanıp, óz aldına bir klassikalıq úlgini kámine keltirip atqara aldı. Teatr aktyorlarınan ibarat ansambl rejissyor tárepinen jaqsı tańlanǵan. Tap hárbir obraz sol aktyorlar ushın dóretilgen sıyaqlı.

S.Arziev (Knyaz), Qaraqalpaqstan Respubliksına xızmet kórsetken artist J.Abdimov (Montekki rolinde), R.Urazbaev (Kapuletti), R.Tlemisov (Romeo), I.Begjanov (Merkucio).

A.Xojamuratov (Benvolio), D.Qayıpnazarov (Tibalt), J.Berdibekov (Monax-Lorenco), T.Erjepov (Baltazar), Sh.Dawletmuratov (Samson), N.Aytmuratov (Grigorio), P.Kelimbetov (Petr xızmetker), I.Qunnazarov (Abram), Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken artist L.Xalqnazarova (Montekki xanım), Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken artist A.Nawrızova (Kapuletti xanım), I.Sarsenbaeva (Julietta), G.Japarova (Tárbiyashı kempir), teatrdıń barlıq aktyorları Verona xalqı rolinde oynaydı. Spektakldiń sátli shıǵıwında putkil teatr jámááti nátiyjeli miynet etken. Xudojnikten baslap shıraq ustalarına shekem, hárbir xızmetker oz aldına berilgen wazıypanı miytindey atqarıp shıqqan. Sonlıqtanda bul spektakl teatr repertuarınıń altın ǵáziynesinen orın aldı.

Juwmaqlap aytqanda, «Romeo hám Julietta» Shekspirdiń boyawlarǵa búrkengen piyesalarınan biri, onda názik, quwnaq kúlkiden nasharlıqqa, túskinlikke túsiw, muhabbattıń ǵázepke aylanıwı insan xarakteriniń názik qırları ashıp berilgen. Biraq ómirdi súyiw, haqıyqat hám jaqsılıqqa bolǵan isenim joqarı turadı. Bul Shekspirdiń talantın kórsetken birinshi shıǵarma sanaladı. Tragediya usı mánistegi shıǵarmalardıń eń jaqsı úlgisi bolǵanı ushın da jáhán ǵáziynesinen orın aldı. «Romeo hám Julietta»nıń Qaraqalpaq saxnasına keliwi – dúnya klassikasınıń qay dárejede qaraqalpaq teatr sheberleri tárepinen saxnaǵa alıp shıǵılıwındaǵı qánigeliklerin jáne bir márte dálilledi.

## Ádebiyatlar


1. Баяндиев Т. «Современные проблемы театра». Т., ГИИУз, 2008.
2. Алланазаров Т. «Қарақалпақ театрында миллий режиссураның қәлиплесиўи». Н., Билим. 1996.
3. Алланазаров Т. «Некоторые вопросы истории каракалпакской драматургии». Издательство «Каракалпакстан»,1987 г.
4. Турсунов Б. «Қарақалпақ драматургиясы ҳәм театрының раўажланыўына аўдарма пьесалардың тәсири». Н., Қарақалпақстан. 1984.



**REZYUME.** Shekspirning tragediyalari orasida eng lirik hissiyotlarga boy, chin oshıqlarning muhabbatini tasvirlovchi klassik asari «Romeo va Julietta» Qoraqalpoq davlat yosh tomoshabinlar teatri sahnasida sahnalashtirildi. Bu klassik asarni sahnalashtirish orqali qoraqalpoq teatri ijodkorlarining qanchalik darajadagi iste'dod egalari ekanligi dalillandi.

**РЕЗЮМЕ.** Среди трагедии Шекспира на сцене юной публики Каракалпакского государственного театра была поставлена классическая трагедия "Ромео и Джульетта", изображающая самых лирических эмоции. Постановкой этого классического произведении доказано, насколько талантливы создатели каракалпакского театра.

**SUMMARY.** Shakespeare's tragedy and his lyrics dedicated to the play "Romeo and Julietta" were staged at the Karakalpak Theater. The theater premiered in a classical theater when new talents appeared in the theater.


## КИНО ӨНЕРИ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ КИНОСЦЕНАРИЙДИҢ ӘҲМИЙЕТИ


**К.Заретдинов**- доцент,
**А.Жақсымуратова** – *магистр*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер хәм мәдениyат институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** кинемотография, сюжет, сценарий, образ, фильм, характер, кульминация.
**Ключевые слова:** кинемотография, сюжет, сценарий, образ, фильм, характер, кульминация.
**Key words:** cinematography, plot, scenario, image, film, character, culminacion.


Кинемотографияның пайда болыўы менен көркем өнер жаңаша түске ийе болып, жаңа жетискенлик ҳәм имканиятларға еристи.

Қарақалпақстан Республикасының халық хожалығы, әдебият ҳәм көркем өнердиң тез пәт пенен өсип баратырғанлығын есапқа ала отырып, қарақалпақ халқының өмирин ҳәм де усындай тараўлардағы жетискенликлерин кинемотографияда сәўлелендирип барыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң кинемотография бойынша мәмлекетлик комитетиниң 1970-жыл 19-февральдағы №45-санлы қарары менен Нөкисте Өзбекстан хүжжетли ҳәм илимий көпшилик фильмлер кино студиясының Қарақалпақстан филиалы ашылды. Өз алдына хожалық есабындағы кәрхана сыпатында киностудия 1970-жылдың 1-апрелинен баслап жумыс баслады. Сол дәўирден берли бир қатар дөретпелерди экранда сәўлелендирип, бул мийнетлери арқасында бир қатар табысларға жолдас болып киятырған киностудияны буннан былайда раўажландырыў ҳәм қарақалпақ кино өнерин өркенлетиў нийетинде 1990-жылы Өзбекстан хүжжетли ҳәм илимий көпшилик фильмлер киностудиясының Қарақалпақстан филиалы базасында «Қарақалпақфильм» киностудиясы дүзилди. [1.6] Кино синтетик өнер болып есапланып, оның тийкарын әдебият, музыка, сүўретшилик өнерлери, яғный, сценарий қурайды. Көркем сценарийде исленежақ фильмниң идеялық көркемлик жөнелиси ҳәм образлары жыйындысы өз көринисин табады. Демек, экранда қойылыў ушын жазылған әдебий шығарма сценарий деп аталады. Әмелге асырыў усылына қарай фильмлер төрт түрге бөлинеди:

1) көркем фильмлер;
2) хүжжетли фильмлер;
3) илимий фильмлер;
4) мултипликацион фильмлер.

Өткен әсирдиң 90-жылларына келип, қарақалпақ жазыўшы ҳәм журналистлериниң жаңа топарлары өзлерин кино жанрында сынап көре баслады.

Олардан О.Әбдирахманов, А.Султанов, М.Таўмуратов, А.Халмуратов, П.Қайыпов, С.Ембергенов, М.Садуллаев ҳәм басқалар бир неше хүжжетли фильмлер ҳәм кино журналларға сценарийлер жазды. Бурынлары